



# Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

[schools.nyc.gov/MessagesForFamilies](https://schools.nyc.gov/MessagesForFamilies)

## Mas 2025

Mizajou sa a yo gen enfòmasyon enpòtan pou fanmi sou pwogram Summer Rising 2025, Sondaj anyèl Lekòl NYC a, Fowòm kandida pou eleksyon CEC, ak konferans pwofesè-paran.

### Kontni

- [Aplike kounye a pou Summer Rising](#)
- [Sondaj 2025 sou Lekòl Vil Nouyòk](#)
- [Eleksyon konsèy edikasyon](#)
- [Konferans Pwofesè-Paran](#)

### Aplike kounye a pou Summer Rising

Aplikasyon pou pwogram Summer Rising 2025 lan ouvri kounye a jiska **vandredi 28 mas 2025!** Yo ofri pwogram Summer Rising lan an patenarya avèk Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè (DYCD), li gratis epi li ouvri pou nenpòt elèv Vil Nouyòk ki nan klas kindergarten jiska 8yèm ane. Pwogram lan kòmanse pou tout patisipan yo nan dat 2 jiyè, epi l ap fonksyone lendi jiska vandredi, soti 8:00 a.m. rive 6:00 p.m. Pwogramasyon pou elèv klas kindergarten rive 5yèm ane ap fini 15 out, epi pwogramasyon pou elèv klas 6yèm rive 8yèm ane ap fini 8 out.

Y ap bay elèv manje maten, manje midi gratis. Nan pwogram lan genyen enstriksyon akademik estaf NYCPS ap dirije ak aktivite ranfòsman òganizasyon kominotè (CBO) DYCD ap dirije.

Pou aplike, konekte nan kont [MySchools.nyc](https://MySchools.nyc) ou deja genyen an, oswa kreye youn avèk adrès imèl ou, nimewo ID elèv pitit ou a ki gen 9 chif la ak yon kòd kreyasyon kont MySchools, ou ka jwenn lè w kontakte lekòl pitit ou a. Fanmi ka mete otan pwogram yo vle sou lis nan aplikasyon yo epi yo ka fè chanjman nenpòt ki lè jiska dat limit 28 mas la.

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou si w bezwen sipò avèk aplikasyon an, tanpri ale nan [schools.nyc.gov/SummerRising](https://schools.nyc.gov/SummerRising), kontakte lekòl ou a, oswa voye yon imèl nan [summer@schools.nyc.gov](mailto:summer@schools.nyc.gov).

### Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504

Elèv k ap patisipe nan klas espesyal **12 mwa/ ane lekòl pwolonje (ESY)** oswa pwogram Nest, oswa Horizon pral resevwa pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP yo nan yon lokal Pwogram ane lekòl pwolonje (ESY), Distri 75

(D75), oswa pwogram Nest oswa Horizon Summer. Fanmi ki vle patisipe nan pwogram IEP ak nan pwogram ranfòsman jounen pwolonje CBO atravè Summer Rising, dwe itilize pòtal aplikasyon MySchools la.

Si pitit ou a ap patisipe sèlman nan pwogram Nest oswa Horizon (jiska 12:00 p.m.), pwogram D75 (jiska 2:30 p.m.), oswa pwogram ESY (jiska 2:00 p.m.), ou ta dwe kontakte lekòl pitit ou a olye ou itilize aplikasyon MySchools la.

---

## Sondaj 2025 sou Lekòl Vil Nouyòk

Pa bliye pou ranpli Sondaj lekòl NYC 2025 lan nan delè **vandredi 4 avril la!** Opinyon ou konfidansyèl epi li pral ede lekòl nou yo pi byen konprann kisa elèv ak manm kominote yo bezwen epi panse sou anviwònman aprantisaj, edikatè, kourikoulòm, sèvis sipò, ak plis ankò. Lidè lekòl itilize opinyon sa yo pou amelyore lekòl ak pwogram yo ofri yo.

Pou gade epi ranpli sondaj la, konekte nan kont ofisyèl lekòl Vil Nouyòk ou a (**NYCSA**) nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc.gov). W ap resevwa tou yon kopi sondaj la sou papye avèk enstriksyon sou fason pou w ranpli sondaj sou papye oswa sou entènèt. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou oswa pran sondaj lekòl NYC 2025 lan tou nan [NYCSchoolSurvey.org](https://NYCSchoolSurvey.org).

---

## Eleksyon 2025 pou Konsèy Edikasyon Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil la

Rankontre kandida yo pou eleksyon 2025 Kominote ak Konsèy edikasyon Vil la (CCEC) ! Apati lendi 3 mas la, ale nan Fowòm Kandida vityèl distri w la pou w aprann konnen kandida ki kandida pou Konsèy edikasyon kominotè lokal ou a oswa youn nan kat Konsèy edikasyon Vil la. Jwenn plis enfòmasyon sou CCEC nan [schools.nyc.gov/CCEC](https://schools.nyc.gov/CCEC). Ale nan [schools.nyc.gov/Elections2025](https://schools.nyc.gov/Elections2025) pou dat, lè, ak anrejistre pou patisipe sou Zoom.

---

## Konferans pwofesè-paran

Prepare w pou konferans paran-pwofesè (PTC) nan mwa mas! **PTC** se yon gwo opòtinite pou pale dirèkteman avèk pwofesè yo sou devlopman akademik ak sosyo-emosyonèl pitit ou a ak sou fason ou ka sipòte pwogrè andeyò salklas la. Yo pral fè konferans yo adistans pandan ane lekòl 2024- 2025 lan, epi yo ka fèt anpèsòn si yo mande sa a. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib—tanpri kite lekòl pitit ou ye a konnen si w gen sèvis.

- **Jedi 6 mas:** Konferans nan apremidi ak nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
- **Jedi 13 mas:** Konferans nan apremidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D-75
- **Jedi 20 mas:** Konferans PTC nan aswè pou elèv lekòl segondè, K-12, ak lekòl 6yèm-12yèm ane
- **Vandredi 21 mas:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi pou lekòl segondè, lekòl K-12, ak 6yèm-12yèm ane

Pou plis konsèy sou PTC, tanpri ale sou [schools.nyc.gov/ptc](https://schools.nyc.gov/ptc).